



# AGES & STAGES QUESTIONNAIRES®

## Ages & Stages Questionnaire - 3 (ASQ-3)®

### Kisa ASQ -3 ye?.

ASQ-3 se yon kesyonè ki chita sou devlopman pitit ou epi ki bay yon apèsi sou devlopman rapid sou fason pitit ou ap fonksyone nan domèn enpòtan yo tankou kominikasyon, kapasite fizik, konpetans sosyal, ak konpetans pou rezoud pwoblèm.

### Kimoun kap Ranpli ASQ-3?

Moun kap bay swen an ap ranpli ASQ-3. Sa a pral pran 10-15 minit. Èske sa rapid ak fasil.

### Men kijan ASQ-3 Fonksyone:

Reponn chak kesyon "wi," "pafwa," oswa "poko" selon sa pitit ou a kapab fè kounye a. Repons ou yo ap ede montre fòs pitit ou ak domèn kote pitit ou ka bezwen fè pratik.

Pou reponn chak kesyon, ou ka eseye aktivite senp ak enteresan avèk pitit ou. Aktivite sa yo ankouraje pitit ou pou l jwe, deplase ozalantou, ak pratike konpetans chak jou.

Aprè w fin ranpli kesyonè a, w ap diskite rezilta yo ak pwofesyonèl pitit ou. Ansanm, w ap detèmine pwochen etap yo ak ki etap enpòtan pou w atann pou ale delavan.

## Ages & Stages Questionnaire: Social-Emotional - 2 (ASQ:SE - 2)®

### Kisa ASQ: SE – 2 ye?

ASQ:SE-2 se yon kesyonè ki kapab ede idantifye fòs sosyo-emosyonèl pitit ou ak nan domèn kote pitit ou ka bezwen sipò. Devlopman sosyo-emosyonèl yon timoun konsantre sou kijan yon timoun kòmanse konprann kimoun yo ye, sa yo santi ak sa pou atann lè yap kominike avèk lòt moun.

### Kimoun kap Ranpli ASQ:SE-2?

Moun kap bay swen an ap ranpli ASQ:SE-2. Sa a pral pran 10-15 minit. Èske sa rapid ak fasil.

### Men kijan ASQ:SE-2

Reponn chak kesyon lè w make "souvan oswa toujou," "pafwa," oswa "raman oswa jamè." Repons lan baze dapre sa ou konnen sou pitit ou.

Tanpri fè kòmantè si nenpòt konpòtman **konsène ou**.

Sonje ke repons ou yo ede montre fòs pitit ou ak domèn kote pitit ou ka bezwen sipò.

Aprè w fin ranpli kesyonè a, w ap diskite rezilta yo ak pwofesyonèl pitit ou. Ansanm, w ap detèmine pwochen etap yo ak ki etap enpòtan pou w atann pou ale delavan.



Eskane pou aprann plis!